Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 35 (6971) 6 октябрь 2025 с. Итни РабигIул ахир 1447 с. Багьа - эркенаб



ЭКОНОМИКА

## «МугIрузулаб рахъалъул цебетIей»

### Бакълъулазул тIалъи – халкъазда гьоркьосеб форумалда

**«МугIрузулаб рахъалъул цебетIей» абураб халкъазда гьоркьосеб форумалъул официалияб рагьи тIобитIана МахIачхъалаялда, гьенив гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул бетIер Сергей Меликов. КIиабилеб нухалда гIуцIула бугеб гьеб кIвар цIикIкIараб тадбиралда гIахьаллъана бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповги.**

Гьеб форумалда данделъана 20-ялдаса цIикIкIун хIукуматалъул, бизнесалъул, гIелмуялъул ва жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби. Гьезда гьоркьор рукIана Узбекистаналъул, Белоруссиялъул, Армениялъул, Таджикистаналъул, Азербайджаналъул, Казахстаналъул, Хъиргъизистаналъул, Пакистаналъул, Индиялъул ва цогидазул вакилзаби.

Гьединго тадбиралда вукIана районалъул росдал магIишаталъулгун



экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовги. Данделъиялъул гIахьалчагIаз халгьабуна росдал магIишаталъул рахъалъ гьарулел цIилъабазул, мугIрузул рахъал цIуниялъул, гIадамазул гIумруялъул даража борхизабиялъул, туризм цебетIезабиялъул, цофровияб рахъалде гIадамал руссинариялъул ва гь ц.

Форумалда Бакълъул ракьалъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов дандчIвана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министрасул ишал тIуралев Зураб Куччаевгун, ДРялъул ва Россиялъул Федерациялъул мустахIикъав артист, Дагъистаналъул халкъияв артист, кьурдулаб «ВатIан» къокъаялъул нухмалъулев, ЛъаратIаса ГIали МухIамадгIалиевгун.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Котельниязул халгьаби, кьищни-къул рехизе контейнерал лъезе бакI хIадур гьаби

### Анкьил хIасилал гьаруна

**Бакълъул ракьалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовасул нухмалъиялда муниципалияб администрациялда тIобитIана араб анкьил хIасилал гьарураб ва тIуразе хIажатал суалал рорхараб данделъи.**

Гьенир гьединго гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул нухмалъулел ва хIалтIухъаби.



Тадбиралъул аслиял суалазул цояблъун букIана социалияб рахъалъ хьезариялъул цогояб пачалихъияб информациялъул системаялъул (ЕГИССО) порталалда баянал лъей. Гьединго бицана гIолилазда гьоркьоб маданият цебетIезабиялде буссараб «Пушкинил карта» абураб программа гIумруялде бахъинабиялъулги. Данделъиялъул кIудияб кIвар буссинабун букIана кьищни-къул бакIарулел контейнерал лъезе бакI хIадур гьабиялде.



Гьединго гьоркьоб лъуна кьиндаллъиялде хIадурлъиялъул суалги. Гьениб бицана котельниязул бугеб хIалалъул ва хасалоялде хинлъизарулел цогидал сетазул хIадурлъиялъул.

Данделъиялдаса хадуб жавабиязе кьуна чIванкъотIарал тIадкъаял, гьел тIуразаризе болжалги бихьизабун. Гьел масъалаби лъикIаб хIасилалда тIуразелъун батIи-батIиял идарабазул нухмалъулел ва хIалтIухъаби цоцалъ рекъон хIалтIизе кколин лъазабуна дандеруссиналъул ахиралда МухтарахIмад АхIмадовас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Законалда рекъон хIалтIуде гIадамал роси

- 2 гьум.



ЖамгIият терроризмалдаса цIуни

- 2 гьум.



Администрациялъул хIалтIухъабазул лъаялъул халгьабуна

- 2- гьум.



СВОялъул рагъухъан Малик МухIамадов шапакъаталъе мустахIикълъана

-2- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Законалда рекъон хIалтIуде гIадамал роси

## Даран-базар гьабиялъул хIалтIаби битIун гIуцIиялъул бицана

**Законалда гьечIеб къагIидаялда даран-базаралъулаб ва цогидал хIалтIаби гIуцIаразда данде хIалтIи гьабиялъул комиссиялъул заседание тIобитIана араб анкьалъ Бакълъул районалда.**



Гьеб тадбиралъе нухмалъи гьабуна муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас. Повесткаялда букIана законалда гьечIеб къагIидаялда хIалтIуде гIадамал роси дагьлъизабиялъул ва хIалтIухъабазулгун хIалтIул къотIи-къаял гьариялъул мурадалда план гIумруялде бахъинаби. Данделъиялде ахIун рукIана хьвай-хъвагIай гьабичIел хIалтIул гьоркьорлъабазда ругел хIалтIухъаби ругел предпринимателал. Амма гьеб суал гьоркьоб лъураб заседаниялде цониги предприниматель вачIинчIо.

Комиссиялъул гIахьалчагIаз хIукму гьабуна хIалтIухъабазулгун хIалтIул къотIи-къаял гьариялда хурхун лъазабиял цIидасан ритIизе. Гьединго къотIи гьабуна комиссиялъул гIахьалчагIи МелъелтIа росулъ бизнесалъул хIалтIаби гьарулел бакIазул халгьабизе ритIизе.

КъотIи-къай гьечIого хIалтIулел чагIи тIатинаризе ва внебюджетиял фондазде страховиял бачIинал цIиIкIинабиялде кIвар буссинабеян росабазул бегавулзабазда тIад къазе хIукмуги гьабуна данделъиялда.

**Зугъра ГIабдулкъадирова**

ТЕРРОРАЛДА ДАНДЕЧIЕЙ

# ЖамгIият терроризмалдаса цIуни

## Гражданияб жавабчилъи бижизабулел тадбирал тIоритIана

**Бакълъул мухъалъул ЧIиркъатIа росулъ тIобитIана терроризмалдагун экстремизмалда дандечIеялъул кIвар бугеб тадбир. Данделъиялда гIахьаллъана депутат Ражаб МухIамадбакиров, росдал спортшколалъул директор Шамил МухIамадбакиров, диниял идарабазул вакилзаби, школалъул тренерал, гьезул тарбиячагIи ва цогидал.**

Данделъараз тIадчIей гьабуна кинаб букIаниги зулмуялъул ва экстремизмалъул формаялдаса инкар гьабиялъ жамгIият цебетIезабизе квербакъулеб букIиналда. ГIолохъанал спортсменаз ва цогидал чIиркъатIисез гьоркьор лъурал суалазда тIасан гара-чIвари гьабизе бугеб гъира бихьизабуна, жидерго пикраби загьир гьариялдалъун.

Гьединго, Бакълъул мухъалъул Килалъ росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана терроризмалъулгун экстремизмалъул идеологиялда дандечIеялъул профилактикияб гара-чIвари.

ЦIалдохъабазда лъана кин раккулел гIадамал мекъи ккезарулел бербалагьиял ва гьез жамгIияталъе гьабулеб зарал. Гьединго гьезда лъана миллатазда гьоркьосеб рекъел цIуниялъул ва маданияталъул гIадатазул адаб гьабиялъул кIваралъул хIакъалъулъ. Щакълъи бугел ахIвал-хIалазда гьоркьоре ккани, хехго чIахIиязда яги специалистазда лъазабизе кколеблъиги бичIчIинабуна цIалдохъабазда.

ТIад Инхо росдал гьоркьохъеб школалдаги тIобитIана «Терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялда дандечIеялъул аслу» абураб кIвар бугеб тадбир.

Гьеб темаялда хурхун лъимализе баянал гьаруна ОБЗРалъул мугIалим ва школалъул психолог АхIмад ХIабибовас ва гьеб школалъул директорасул лъай кьеялъул рахъалъ заместитель Аминат МухIамадовалъ. Гьединго гара-чIвари гьабуна тарихалъул ва обществознаниялъул мугIалим Аминат ГIабдулатIиповалъги.



Чикь росдал цIалул идараялдаги гIуцIана терроризмалдаса цIиял гIелал, гIолилал цIуниялда хурхараб профилактикаялъулаб семинар. Гьениб тIадчIей гьабуна такъсирияб ишаздаса рикIкIад чIеялъул кIудияб пайда букIин лъималазда бичIчIинабиялда. Тадбиралда гIахьаллъаразда рихьизаруна социологиял цIехрехазул хIасилал.

Гьелда тIадеги школалда тIоритIана тематикиял классалъулал сессиял, гьезда жаниб аслияб кIвар кьуна информационнияб къагIидаялдалъунги терроризмалда дандечIеялъул бициналде.

Абизе ккола гьединал тадбирал бакълъулазул школазда гьоркьоса къотIичIого тIоритIулел руго ва гьел гIун бачIунеб гIел заралиял асараздаса цIуниялда ва гьезул гражданияб жавабчилъи бижизабиялде руссарал руго.



**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

# Администрациялъул хIалтIухъабазул лъаялъул халгьабуна

## ЛъикI хIалтIизе тавпикъ кьеги

**Гумбет районалъул администрациялда планалда рекъон хIалтIухъабазул аттестация тIобитIана. Къануназул къучIалъул, муниципалияв нухмалъиялъул суалазул, офисалъул хIалтIул бажариялъул рахъалъ хIалтIухъабазул бугеб даражаялъул халгьабуна. Гьелде тIадеги къимат кьуна гьезул махщалил бажариялъе ва жидерго хъулухъазде данде кколел ругодаян балагьана.**



Гьединаб халгьабиялъ квербакъула бакIалъулал нухмалъиялъул идарабазул хIалтIул даража борхизабиялъе, халкъалъе хъулухъал гьариялъул къагIидаби лъикIлъизариялъе, кадровиял ресазул рахъалъ щулалъиялъе.

Аттестациялъул хIасилазда бихьулеб букIана районалъул администрациялъул специалистал хIадур гьариялъул тIадегIанаб даража букIин ва гьел районалъе пайдаялъе хIалтIи гьабизе хIадурал рукIин.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# ГурхIел-рахIмуялъул акция тIобитIана бакълъулазул полициялъ

## Кванил нигIматаздалъун кумек гьабуна

**Россиялъул Федерациялъул Бакълъул ракьалда бугеб мухъалъул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабаз гурхIел-рахIмуялъул акция тIобитIана. Гьедин, хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъаразул хъизамазе, гьединго жидер хайир чIезабураб рукIарахъиналъул гьоркьияб рахъалдаса цIикIкIун гьечIел гражданазе квербакъиялъе мурадалда кванил нигIматал рикьана.**

Низам цIунулезул рагIабазда рекъон, сверухъ ругезул гIумрудул шартIал ликIлъизаризе хIаракат бахъи – кинабго рахъалъан беццараб иш. РакIалде щвезабизе ккола, дагьаб цебегIан Гумбеталдаса къуваталъул идарабазул хIалтIухъабаз хасаб рагъулаб операциялъул мухъалде кIиго тоннаялдаса цIикIкIун гуманитарияб кумекги битIун букIана.

**Зугъра ГIабдулкъадирова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# СВОялъул рагъухъан Малик МухIамадов шапакъаталъе мустахIикълъана

## Рагъулал масъалаби къиматаб даражаялда тIуралел руго

Бакълъул мухъалъул Ингишо росулъа хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи сержант Малик МухIамадовасе щвана рагъулаб частиялъул нухмалъулесул рахъалдасан грамота.



«Рагъул ругъунлъабазда тIадегIанал хIасилал рихьизаруралъухъ, тIадкъан ругел рагъулал масъалаби къиматаб даражаялда тIуразаруралъухъ ва рагъулаб борч тIубазабизе бахъулеб хIаракаталъухъ», - ян хъван буго шапакъаталда.

Хасаб рагъулаб операциялъул мухъалда улкаялъул интересал цIунулел бакълъулазе батIи-батIиял даражаялъул шапакъатал гIемер щвана. БергьенлъабицIикIкIаги тIадруссаги!

**Макка МухIамадова**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Чирката»

РЕШЕНИЕ №10

26. 09. 2025 г. с. Чирката

## Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Село Чирката» за 2024 год.

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Чирката», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Село Чирката» за 2024 год Собрание депутатов:**

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Село Чирката» Гумбетовского района за 2024 год:

- по доходам в сумме 5691,5 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 3160,9 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2024 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2024 г. – 5148,6 тыс. руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Чирката» Р.М.Магомедбакиров**

**Приложение № 1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Чирката» от «26» сентября 2025 г. №1**

### Доходы бюджета сельского поселения «Село Чирката» за 2024 год

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2024 год | Фактически исполнено за 2024 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 74,0 | 82,6 | 111,6 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | 47,0 | 46,3 | 98,5 |
| Единый сельскохоналог | 18210503000000000110 | | 1,5 | #ДЕЛ/0! |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 126,0 | 53,6 | 42,5 |
| Пеня на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | #ДЕЛ/0! |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | #ДЕЛ/0! |
| Неналоговые доходы | 00111705050100000180 | | 1432,0 | #ДЕЛ/0! |
| Доход от реализации имущества | 00111402052100000410 | | 246,7 | #ДЕЛ/0! |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **247,0** | **1862,7** | **754,1** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **3832,8** | **3828,8** | **99,9** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000151** | **3681,0** | **3677,0** | **99,9** |
| **Субсидии в.т числе** | | | | #ДЕЛ/0! |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования* | 00120202041100000151 | | | #ДЕЛ/0! |
| *Субсидия на реализацию проектов инициатив муниципальных образований Республики Дагестан* | 00108019990041120243 | | | #ДЕЛ/0! |
| **Инные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120204014100000151 | | | #ДЕЛ/0! |
| **Субвенции** | | **151,8** | **151,8** | **100,0** |
| | **в том числе** | | | |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 0010203015100000151 | 151,8 | 151,8 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **4079,8** | **5691,5** | **139,5** |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Чирката» за 2024 год от «26» сентября 2025 г. № 1**

### Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «село Чирката» за 2024 год

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2024 год | Кассовые выплаты за 2024 год | % выпол нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **4086,6** | **3160,9** | **77,3** |
| **Глава администрации** | **001** | **01** | **02** | **9900010010** | **341,0** | **190,0** | **55,7** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **1520,0** | **1175,4** | **77,3** |

**(Продолжение - на 4 стр.)**

(Начало-на 3 стр.)

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1520,0 | 1175,4 | 77,3 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **158,6** | **158,6** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 158,6 | 158,6 | 100,0 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **0,0** | **0,0** | #ДЕЛ/0! |
| Дорожный фонд | 001 | 20 | 22 | 041100000 | 0,0 | | #ДЕЛ/0! |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 001 | 20 | 24 | 014100000 | | | #ДЕЛ/0! |
| Субсидия на реализацию проектов инициатив муниципальных образований Республики Дагестан | 001 | 08 | 01 | 9990041120 | | | |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **1100,0** | **850,0** | **77,3** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 1100,0 | 850,0 | 77,3 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **787,0** | **667,0** | **84,8** |
| *Культурно -досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 787,0 | 667,0 | 84,8 |
| **Социальная политика** | ***001*** | ***10*** | ***00*** | | **60,0** | **49,9** | 83,2 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенс) | *001* | *10* | *01* | *9900090010* | 60,0 | 49,9 | 83,2 |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **120,0** | **70,0** | **58,3** |
| **Генеральное планирование села** | | | | | **0,0** | | |
| Прочая закупка товаров и услуг | **001** | 11 | 10 | 5129701 | | | |

# Об ограничении доступа к потенциально опасным объектам

На основании пункта 28 раздела II «Развитие современной безопасной инфраструктуры для детей , формирование условий для активного участия детей , в том числе детей-инвалидов и детей с ограниченными возможностями здоровья в жизни общества» плана мероприятий по реализации стратегии комплексной безопасности детей в РФ отдел архитектуры, строительства и ЖКХ Гумбетовского района по вопросу организации ограничения доступа к потенциально опасным, аварийным и заброшенным объектам считает необходимым сообщить следующее.

Рекомендуется обеспечивать реализацию комплекса профилактических мероприятий, направленных на предупреждение пожаров в зданиях, частично или полностью расселенных, а именно:

- проведение мероприятий по ограничению доступа посторонних лиц в расселенные здания, в том числе посредством установки дополнительных ограждающих конструкций территорий;
- принятие мер по утилизации строительного и иного мусора на территории зданий, частично или полностью расселенных;
- организация взаимодействия с органами внутренних дел по вопросам максимального приближения маршрутов патрулирования нарядов по охране общественного порядка к жилым строениям;
- проведение инструктажей, общественных бесед;
- активизация работы в средствах массовой информации, в том числе посредством размещения информационных материалов на официальных интернет-сайтах МО и т. д.;
- осуществление постоянного контроля и пресечения случаев несанкционированного подключения помещений в расселенных зданиях к линиям электропередачи.

# Проведите проверку газового оборудования перед отопительным сезоном

**Природный газ требует к себе повышенного внимания. Нарушение правил безопасности может привести к самым печальным последствиям. С началом отопительного сезона возрастает количество чрезвычайных ситуаций, несчастных случаев, связанных с эксплуатацией внутридомового газового оборудования.**




В преддверии отопительного сезона ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает, что техническое обслуживание внутридомового газового оборудования – обязательная процедура для абонента.

Газовые службы рекомендуют потребителям постоянно следить за состоянием, установленного в квартире, в помещении газового оборудования. Ведь многие вопросы безопасности зависят и от ответственности, внимательности и бдительности самих жителей.

Ответственность за безопасное использование бытовых газовых приборов, за их содержание в надлежащем состоянии возлагается на собственников и нанимателей жилых помещений.

Особую опасность представляет бытовое газовое оборудование без автоматической системы безопасности и оборудование с высокой износа, отработавшее нормативный срок службы. Эксплуатируя газовое оборудование, находящееся в неудовлетворительном состоянии, а также при несвоевременной проверки их состояния, вы подвергаете опасности не только свою жизнь, но и жизнь окружающих вас людей.

К трагическим последствиям приводит и халатность жильцов, и несоблюдение элементарных правил эксплуатации газовых приборов.

Также помните об опасности угарного газа! Обнаружить угарный газ невозможно — он не имеет ни цвета, ни запаха и обладает усыпляющим эффектом. Человек, вдыхающий угарный газ чувствует усталость, головную боль, позже чувствует сонливость и после засыпания наступает летальный исход. Угарный газ крайне опасен даже в самых минимальных концентрациях!

Для этого необходимо заключить договор на техническое обслуживание газового оборудования (ТО ВДГО) и аварийно-диспетчерское обеспечение.

ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает, что отсутствие договора о техническом обслуживании (ТО ВДГО) – основание для отключения газа.

Если почувствуете запах газа или обнаружите повреждение газопроводов, немедленно сообщай в аварийную службу по телефонам 112, 04, 104.

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъалъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.